# Alkitab kanggo murangkalih

Nyanggakeun



# Waktos Pikareueuseun Pikeun Yesus

Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

Nalika Yesus dibaptis, Gusti nyarios. Saur-Na, "Ieu teh Putra Kami anu kaasih. Kami remen ka Anjeunna." ROH SUCI GUSTI lungsur ka Yesus dina rupa japati.



Teu lami saatos éta,
Roh Suci Gusti nyandak
Yesus ka gurun. Harita
Yesus nyalira.



Yesus puasa opat puluh poe. Kukituna Anjeunna henteu tuang nanaon. Anjeunna ngarasa lapar pisan.



Alkitab nyebutkeun yén sato
anu liar ogé aya di dinya.



Sétan datang pikeun ngagoda Yésus.  Baheula, manéhna geus ngagoda Adam jeung Hawa matak teu taat ka Gusti di Taman Édén. Ayeuna Yesus bakal diuji.





Sétan nyoba
ngagoda Putra
Gusti, Yésus.




"Lamun Anjeun Putra Gusti," ceuk Iblis, "jadikeun batu ieu roti." Anjeunna terang Yesus lapar. Manéhna nyaho Putra Gusti tiasa ngarobah batu jadi roti.  Piraku Yésus bakal nurut ka Iblis?

Moal! Yesus moal nurut ka Iblis. Malihan, Anjeunna ngajawab tina Dawuhan Gusti. "Jelema moal hirup ku roti wungkul, tapi ku unggal kecap anu kaluar ti cangkem Gusti."



Lajeng Iblis nyandak Yesus ka Yerusalem, kota anu ageung, ka Bait Allah tempat jalma nyembah ka Gusti.  Naon anu bakal dilakukeun ku Iblis salajengna?




"Upami Anjeun leres Putra Gusti, geura lungsur ka handap," saur Iblis. "Firman-Na nyebatkeun yen malaikat-Na bakal nyalametkeun Anjeun."

"Henteu!" Yesus ngawaler. "Geus katuliskeun oge...
'Ulah nguji GUSTI Allah maraneh.'"





Iblis nyobaan sakali deui.  Anjeunna nyandak Yesus ka luar kota ka puncak gunung anu luhur pisan.

Némbongkeun ka Yesus sagala kamulyaan tina unggal karajaan dunya, Iblis ngomong kieu, "Kuring bakal masihan eta kabeh ka Anjeun, lamun Anjeun ngaragragkeun maneh jeung nyembah ka kuring."



"Tinggalkeun abdi, Sétan!" Yesus marentahkeun. "Aya katuliskeun... 'Maneh kudu nyembah ka GUSTI Gusti Allah maraneh, jeung ngan ka Mantenna maraneh kudu nyembah."



Iblis ninggalkeun Yesus sakedap. Lajeng lumangsung kajadian anu endah. Gusti ngutus malaikat ka kanyamanan sarta miara Putra-Na Yesus - Anu henteu nurutkeun kahayang Iblis.



# Waktos Pikareueuseun Pikeun Yesus

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 4, Lukas 4

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

# Rengse

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran,
saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16